

NAN TRIBINAL LA KONTE MIAMI-DADE AK KONTE MIAMI-DADE, FLORID.

DIVIZYON <input type="checkbox"/> CIVIL	MANDA DEGÈPISMAN REZIDANSYÈL	NIMEWO KA
---------------------------------------------------	-------------------------------------	------------------

PLENTIF	KONT AKIZE	SIYIFIKASYON
----------------	-------------------	---------------------

POU AKIZE A(YO)	ADRÈS
------------------------	--------------

TANPRI LI AVÈK ATANSYON

_____ rele ou lajistis

pou egzije ou degèpi soti nan pwopriyete ki lokalize nan _____ pou rezon yo bay nan plent ki atache a.

Ou genyen dwa a yon pwosè pou deside si yo kapab egzije w degèpi, men ou DWE fè TOUT bagay ki make pi ba a. Ou dwe fè yo nan lespas 5 jou (san konte samdi, dimanch oswa jou ferye legal) apre dat yo te ba ou oswa yon moun ki abite avè w papye sa yo oubyen apre dat yo te afiche papye sa yo lakay ou.

MEN BAGAY OU DWE FÈ YO:

1. Ekri pou ki rezon ou panse yo pa dwe fòse w degèpi. (Ou ka itilize Fòm Kou Siprèm Florid 1.947(b), Repons—Degèpisman Rezidansyèl, pou w fè sa.) Ou dwe remèt rezon alekri a(yo) bay grefye tribinal la nan (make adrès tribinal la). ki make pi ba a:

ANTRE

LOKAL TRIBINAL KONTE MIAMI-DADE YO

<input type="checkbox"/> Dade County Courthouse (05) Room 138 73 West Flagler Street Miami, Florida 33130	<input type="checkbox"/> Joseph Caleb Center Court (20) Suite 103 5400 N.W. 22nd Avenue Miami, Florida 33142	<input type="checkbox"/> North Dade Justice Center (23) Room 100 15555 Biscayne Blvd. North Miami Beach, Florida 33160	<input type="checkbox"/> Hialeah District Court (21) Room 100 11 East 6th Street Hialeah, Florida 33010
<input type="checkbox"/> Coral Gables District Court (25) Room 100 3100 Ponce De Leon Blvd. Coral Gables, Florida 33134	<input type="checkbox"/> South Dade Justice Center (26) Room 1200 10710 S.W. 211th Street Miami, Florida 33189		

(2) Voye yon kopi rezon alekri a(yo) pa lapòs oswa pote l bay: *(insert landlord's name and address)* _____

(3) Peye grefye tribinal la lwaye ou dwe a. Ou DWE peye grefye tribinal la lwaye a chak fwa li lè pou w peye l jiskaske pwosè a fini. Kit ou genyen powès a oswa ou pèdi l, jij la ka relache lwaye sa a bay pwopriyete a. (Daprè lalwa, lokatè lojman piblik oswa lokatè ki resevwa sibvansyon lwaye dwe oblije peye sèlman pòsyon lwaye total lokatè a responsab pou li peye a dapre pwogram federal, Eta, oswa lokal kote li ap patisipe a).

(4) Si oumenm ak pwopriyete ou a pa dakò ak montan lwaye ou dwe a, ou dwe depoze yon demann alekri (mosyon) ki mande jij la deside ki valè lajan ou dwe peye bay grefye tribinal la. Demann alekri a dwe depoze avèk repons ou bay pou plent pou degèpisman an. Yon kopi mosyon ou an dwe ekspedye pa lapòs oswa livrezon nan men bay avoka plentif la(yo), oswa si plentif la(yo) pa gen avoka, bay plentif la.

SI OU PA FÈ TOUT BAGAY SA YO NAN LESPAS 5 JOU (SAN KONTE SAMDI, DIMANCH AK JOU FERYE LEGAL POU TRIBINAL OU A) YO KA FÈ W DEGÈPI SAN YON ODYANS OSWA LÒT AVI.

Nou ta konseye w rele yon avoka imedyatman. Si ou pa konnen oken avoka, ou kapab kontakte Sèvis Referans Avoka ki sou sit entènèt Bawo Florid la. Si ou pa gen mwayen pou peye yon avoka, ou ka elijib pou èd legal gratis. Ou kapab lokalize pwogram èd legal lè w chèche "legal aid" sou sit entènèt Bawo Florid la.

ETA FLORID:
POU CHAK CHERIF NAN ETA A:

Ou resevwa òdonans pou w siyifye manda sa ak yon kopi plent ki nan pwosè sa a bay akize ki mansyone pi wo a.
DATE nan _____ jou mwa _____, 20_____.

Grefye Tribinal ak Kontwolè
Siyati: _____
Grefye Adjwen

Adrès Grefye a: _____

Nim. Telefòn _____

**Juan Fernandez-Barquin, Grefye Tribinal ak Kontwolè
Konte Miami-Dade, Tribinal Sikui ak Tribinal Konte**

AVI ADA SOU LWA 1990 POU AMERIKEN KI GEN ANDIKAP

“Si ou se yon moun ki gen yon andikap ki bezwen nenpòt akomodman pou w patisipe nan pwosè sa a, ou genyen dwa pou yo ofri w sèten asistans, san sa pa koute w senk kòb. Tanpri kontakte Alian Simpkins, Kowòdonatè ADA Onzyèm Sikui Jidisyè Tribinal la, Lawson E. Thomas Courthouse Center, 175 NW 1st Ave., Suite 2400, Miami, FL 33128, Telefòn (305) 349-7175; TDD (305) 349-7174; Imel ADA@jud11.flcourts.org; Faks (305) 349-7355 omwen sèt (7) jou anvan dat randevou pou konparisyon ou, oswa imedyatman apre ou resevwa notifikasyon sa a si tan anvan dat konparisyon an mwens pase sèt (7) jou; si ou gen yon andikap ki fè w pa tande byen oswa pa wè byen, rele 711.”